

Haitian Creole

2020 Transportation Letter and Safety Procedures During COVID-19

Chè Paran/Gadyen

Rive kounye a ou ta dwe gentan resevwa lèt k ap enfòmè w si wi ou non pitit ou kalifye pou transpò. Si w p at resevwa enfòmasyon sou transpò pou pitit ou tanpri kontakte depatman transpò a nan 617.349.6862 os tfisher@cpsd.us.

Si pitit ou a kalifye pou li pran bis men ke li P AP monte bis la ane sa a tanpri kontakte depatman transpò a nan 617.349.6862 oswa tfisher@cpsd.us.

Anpil fanmi prefere al chache pitit yo lekòl premye jou lekòl la, olye pou yo pran bis epi pa gen ankenn pwoblèm pou w fè menm bagay la. Sepandan, si pitit ou a pa pran bis pandan senk jou youn apre lòt, yo gendwa retire arè bis yo a sou wout la sofsi ou enfòmè nou sou sa k ap pase.

Si pitit ou a bezwen pran bis pou ale oswa soti nan yon adrès Cambridge (akoz aranjman gadri, pa egzàn), tanpri kontakte lekòl pitit ou a pou ba yo adrès la.

W ap jwenn plis enfòmasyon sou sekirite ak zouti itil tankou Swivi Bis nou an oswa Zouti pou Jwenn Arè nou an sou sitwèb nou: www.cpsd.us/departments/transportation.

Nou konnen tan sa a difisil anpil pou tout moun, epi nou apresye konsiderasyon espesyal ou pou lèt sa a.

Nou swete w anpil siksè pou ane lekòl sa a,

Tina Fisher, Sipèvizè Transpò CPS

MASK OBLIGATWA NAN BIS LA NÈT ALE.

Pwosedì Sekirite Pandan COVID-19

Tanpri revize enfòmasyon sekirite ki annapre yo ak pitit ou yon fason pou yo ka pare pou yon vwayaj an sekirite pandan premye jou y ap monte bis la.

Mask Obligatwa: Nan bis la, elèv, chofè ak monitè yo (si genyen ki la) dwe mete mask oswa kachne. Ap genyen yon pwovizyon mask ak kachne disponib nan tout machin yo, nan ka yon elèv rive san youn. Si yon elèv retire mask li, sa a se yon risk sekirite grav epi lekòl la pral kontakte paran yo pou diskite sou estrateji pou kenbe pitit, chofè, ak lòt timoun yo an sekirite. Yon elèv ki refize mete mask gendwa yon rezon pou li pèdi privilèj monte bis la.

Monte an Sekirite: Lè bis la rive nan yon arè, elèv yo ta dwe monte byen vit nan mezi yo kapab epi chita dèyè bis la nan plas yo jwenn ki disponib la. Y ap mete tep sou chèz yo pou raple yo ke yo dwe chita gaye, yon timoun pa chèz.

Asire w Ke Enfòmasyon pou Kontakte w Ajou: Tanpri asire w ke lekòl la genyen enfòmasyon pou kontakte w ki ajou ak enfòmasyon pou kontakte w si gen ijans yon fason pou nou jwenn ou si sa nesesè.

Lè Arè Bis yo Apwoksimatif: Akoz kondisyon sikilasyon Cambridge yo, bis la gendwa rive nenpòt 10 minit pi bonè oswa anreta jan yon jounen nòmal. Tanpri asire w ke pitit ou rive nan arè bis la 10 minit avan lè ki nan orè yo a.

Pa gen rele, chante oswa chanje chèz. Li enpòtan anpil pou elèv yo rete an silans ak dousman. Anplis ke yo ka distrè chofè a,

pale fò, nan rele ak chante li pi fasil pou pwopaje goutlèt respiratwa enfeksyon.

Pa Otorize nan Bis la: Granmoun pa otorize, zannimo, jwe mizik, voye bagay, rele, chanje chèz, retire mask, distrè chofè a, bloke chan vizyon chofè a.

Mete senti obligatwa: Elèv yo ta dwe chita ak senti yo tache, menm jan ak machin lakay yo. Pou sekirite, monitè a p ap kapab asiste yo nan pifò ka yo, donk tanpri pratike lakay ou si sa se yon pwoblèm.

PWOSEDI ANPLIS POU ELÈV NAN 2 ÈM ANE OSWA PI JÈN

Yon moun dwe rankontre elèv yo nan 2yèm ane oswa pi jèn nan arè bis la. Si timoun nan pa rekonèt ankenn granmoun oswa frè oubyen sè pi gran ki li pou resevwa yo, yo pral rete nan bis la jiskaske yo ka desann nan Biwo Sekirite nan Cambridge Rindge ak Latin School (459 Broadway, Cambridge) Yon moun pral kontakte w, epitou w ka rele biwo sekirite a nan 617.349.6772

Ou dwe mete yon badj jòn nan bis la. Pwofesè yo pral bay elèv yo yon badj bis jòn pandan premye jou lekòl yo k ap genyen nimewo telefòn yo ak arè aprèmidi yo.

MASK OBLIGATWA NAN BIS LA NÈT ALE.